

Èske vaksen kont epatit B a san danje?

Vaksen kont epatit B a pa gen prèske okenn danje. Efè segondè ki pi komen an se doulè nan kote yo bay piki a oswa yon ti lafyèv. Efè segondè grav yo ra.

Kòmanse pwoteje tibebe w la depi lè li fèt lè w fè l pran premye dòz vaksen kont epatit B a.



Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- **Pwofesyonèl swen sante w la**
- **Pwogram Maladi Vaksen Ka Prevni nan Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health Vaccine Preventable Disease Program)**
  609-826-4861
  nj.gov/health/cd/vpdp.shtml
- **Akademi Ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP)**
  Premye dòz vaksen kont epatit B nan nesans
- **Kowalisyon pou Aksyon sou Vaksinasyon (Immunization Action Coalition, IAC)**
  immunize.org/protect-newborns

Tanpri, konsilte pwofesyonèl swen sante w la pou bezwen espesifik ou yo. Bwochi sa a pa ranplase konsèy medikal.

Nou remèsye espesyalman Depatman Sante Eta Washington (Washington State Department of Health) dèske li ban nou pèmisyon pou modifye bwochi sa a.

NJHealth New Jersey Department of Health

C55082

Kòmanse pwoteje tibebe w la depi lè li fèt avèk vaksen kont epatit B a



NJHealth New Jersey Department of Health

Kisa maladi epatit B a ye?

Se yon viris ki atake fwa a ki lakòz maladi epatit B a. Li ka lakòz maladi grav, kansè nan fwa, epi, nan kèk ka, lanmò.

Anpil moun ki gen epatit B pa parèt malad ni yo pa santi yo malad. Gen lòt moun ki ka pèdi apeti yo, gen doulè nan vant, santi yo fatige anpil, oswa gen po yo oswa je yo ki vin jòn.

Ki jan epatit B transmèt?

Epatit B transmèt lè san, espèm oswa lòt likid kòporèl ki gen viris epatit B a antre nan kò yon moun ki ka pran enfeksyon an. Moun ka enfekte ak viris la nan fason sa yo:

- Akouchman (lè yon moun ki ansent ki enfekte transmèt viris la bay tibebe a pandan akouchman)
- Fè sèks ak yon patnè ki enfekte
- Pataje bagay tankou razwa, bwòs dan, koup zong, zegwi ak sereng, ak aparèy pou mezire glikoz nan san ak yon moun ki enfekte
- Kontak dirèk ak san oswa maleng ouvè yon moun ki enfekte
- Ekspozisyon ak san akoz piki zegwi oswa lòt enstriman file

Viris epatit B a **PA** transmèt lè moun pataje istansil pou manje, bay tete, anbrase, bo, kenbe men, touse oswa etènye.



Poukisa moun ki ansent yo ta dwe pran vaksen kont epatit B?

Moun ki ansent ki gen epatit B ka transmèt maladi a bay tibebe yo lè yo fèt. Tibebe yo gen plis difikilte pou konbat enfeksyon epatit B pase timoun ki pi gran oswa granmoun. Tibebe ki enfekte depi lè yo fèt gen 90% chans pou yo devlope epatit B kwonik, ki se fòm maladi a ki pi grav la.

Epatit B kwonik ka lakòz pwoblèm sante grav avèk letan, tankou domaj nan fwa, kansè nan fwa, e menm lanmò.

Ki jan yon tibebe ka antre an kontak ak viris epatit B a?

Nan anpil ka, moun ki ansent yo transmèt viris epatit B a bay tibebe yo pandan akouchman paske yo pa konnen yo enfekte. Nan lòt ka, yon manm fanmi, yon moun k ap bay swen oswa yon zanmi ki enfekte transmèt viris la bay tibebe a. Pifò moun ki enfekte ak epatit B pa santi yo malad e yo pa menm konnen yo gen viris sa a nan kò yo.

Ou menm ak tibebe w la gen plis risk pou nou enfekte ak epatit B si ou menm, paran w oswa yon moun k ap viv avèk ou te fèt nan:

Afrik
Alaska
Ewòp de Lès
Mwayen Oryan
Amerik di Sid
Sid Azi
Pasifik Iwès



Kisa mwen ka fè pou pwoteje tibebe mwen an?

Fè tibebe w la pran vaksen an nan 24 èdtan apre nesans li! Yo bay vaksen kont epatit B a nan twa oswa kat piki. Apre yo fin bay premye piki a nan lopital la/sant akouchman an, anjeneral yo bay pwochen piki a lè tibebe a gen 1-2 mwa. Yo bay dènye piki a lè tibebe a gen ant 6 ak 18 mwa. Mande pwofesyonèl swen sante tibebe w la ki lè tibebe a dwe retounen pou pwochen piki nan seri a.

Tibebe ki fèt ak manman ki enfekte ak epatit B dwe resevwa premye dòz vaksen kont epatit B a **AK** yon piki iminoglobulin kont epatit B (hepatitis B immunoglobulin, HBIG) nan 12 èdtan apre nesans yo.

